



Observatwa Pou Egalite (OPE)

Tel. +50936644809

Email : obsevatwapouegaliteope@gmail.com

Facebook : Observatwa Pou Egalite

Lokal : # 20, Ri, Touden Louveti, Gwo Gabyon, Okay/Ayiti

Vandredi UDMO Vanpi



Okay, 28 Septanm 2022

Rapò Obsèvatwa Pou Egalite (O P E) Sou Vyolans Lapolis Ak Pakè Okay la Fè Sou Manifestan Sid/Ayiti Ki Leve Kanpe Kont Lavi Chè Ak Ensekirite.



Dèyè Fò lokalite Vil Okay, se nan zòn sa kriminèl, sanginè UDMO yo koule san pèp la

Pou kisa Otorite yo ap fè vyolans sou pèp Ayisyen k ap manifeste oubyen revandike, poutan dwa sa pwoteje pa konstitisyon 1987 la ak deklarasyon inivèsèl dwa moun 1948?

Vyolans se pi gwo zam komisè gouvènman Okay la **Ronald RICHEMOND** ak direktè Lapolis Sid la **Daniel COMPERE** itilize souvan sitou nan mwa Dawout vin Septanm 2022, odetwiman tout fòs lwa, konstitisyon ak konvansyon entènasyonal pou maspinen popilasyon Sid la, pou fè yo fè bak sou tout revandikasyon osinon leve kanpe y ap fè kont tout abi Otorite ap fè yo ak tout kalite enjistis y ap sibi nan sistèm ki monte ak fòs kote oubyen kraze zo, fòs reyaksyonè yo (boujwa, politisyen, dirijan yo, legliz, mas medya yo, kò gwoup) plante an Ayiti.



Defen, Manchin FELISSAINT

Obsèvatwa Pou Egalite (O P E) obsève pou senpleman Vandredi 23 septanm 2022 genyen: you jèn gason 25 lane ki mouri asasinè ak you bal nan kou, li rele **Manchin FELISSAINT**, li abite nan ansyen mache pwason bodmè nan Savann Okay, ri Touden Louvèti pwolonje.



Lènard PICOL

Lènard PICOL asasinen ak you bal anba ti vant, li ankoma, l ap pran swen nan Lopital, li abite nan ti Kabyon ri Katajena, anvan sa, li te abite nan Jon Grenn, ri Chatoden. – **Piterson COLAS** asasinen ak 2 bal youn nan men lòt la nan do pase andan vant li, sotti Deyò, l ap pran swen nan Lopital, li abite Dèyè Fò, ri Kapital. – **Weber TANIS** asasinen ak you bal nan pye, li abite nan zòn biwo pò Okay. – **Anderson VALINCE** asasinen ak you bal nan bra l ap viv Dèyè Fò, nan ri Kapital. – **Saint Cya EGZEMA** asasinen ak you bal nan pye laj 60 lane se pase li t ap pase wè moun li nan Dèyè Fò. – **Dimy JOURNAL** asasinen ak you bal anba ti vant, l ap resevwa swen nan Lopital, li abite Dèyè Fò. – **Djovensky ILUSSE** asasinen ak 2 bal nan pye ap resevwa swen nan Lopital, li abite Dèyè Fò. – **Vénise NONSSANT** asasinen ak you bal nan bra, li abite Dèyè Fò nan ri Chatoden pwolonje. – **Junior BEAUBRUN** asasinen ak you bal nan bra, li abite Dèyè Fò ant ri Kapital ak Chatoden. – **Jude Venant LAMOTHE** asasinen ak you bal nan pye, li ap viv nan Savann, ri Filantwòp.

Nadia VAVAL se youn nan viktim yo ki asasinen ak kout fil kab, tout do li chache ak mak fil la, li abite nan ri Chatoden anfas radyo VPS.

Agnès BOUILLI you fanm ansent ki abite nan Jon Grenn ri Chatoden li te endispoze anba gaz lakrimojèn ki lage sou pèp Dèyè Fò a.

Chen ki pou lafanmiy **WAGNAC** ki abite Dèyè Fò nan ri Kapital mouri asasinen ak bal.



Twou bal nan kay you medsen nan ang Kapital ak Enpas Filadèlfi

O P E, resanse anviwon 40 kay popilasyon di ki pèse ak twou bal, pou tout blòk Dèyè Fò a, nan you pati nan Jon Grenn ki bay sou ri Chadoden, nan you pati nan ri Kapital, Touden Louvèti ak Chatoden ki touprè Dèyè Fò.

Mi kay sa ki gen twou bal la, se kay abitab you medsen ak tout fanmiy nan, li di polisye yo krible kay la ak bal, sa ki sove yo, se paske yo te gentan kouri kite kay la lè yo te wè bakòp polisye yo rive nan kominote a.

Andan tout viktim kominote a viktim nan, nou remake moun ki blese yo ki gen bezwen entèvansyon medikal rapid, yo an difikilte pou jwenn swen sante kòrèk koz lopital yo ki gen rate gaz ak mank mateyèl, teknisyen pou l fonksyone, ak, mwayen viktim yo pa genyen pou kouvri depans medikaman, analis, frè lopital.

Viktim yo ak fanmiy yo plis popilasyon Dèyè Fò O P E rankontre di, se polisye UDMO ki te nan anviwon 3 bakòp ki kanpe nan tèt kafou ri Kapital ak Chatoden ki pou mennen w nan Dèyè Fò a, se la chèf yo sène popilasyon an epi, yo ouvè katouch sou pèp la. Selon popilasyon an, polisye yo antre nan tout riyèl ak tout lakou ap tire sou moun yo, yo menm rive sou bèj laravin nan ap tire sou yo. Sa ki pi rèd pou yo, se lè y ap chache kite zòn nan, pou soti bò waf la, polisye BLTS yo te gen tan sène zòn sa ak gwo zam manch long nan men yo pou anpeche yo sove tèt yo. Lè yo wè sa, se tèt yo kase tounen.

Pèp Dèyè Fò di, li idantifye polisye UDMO **Fedler**, ti Lepè, Dev ensikoni ki pami UDMO ki t ap tire sou yo. Solon pèp Dèyè Fò a, ansanm non polisye sa yo li site la se nan lokalite a yo abite.



Direktè Lapolis Daniel COMPERE



Komisè Gouvènman Ronal RICHEMOND

Selon pèp Dèyè Fò masak sa ki fèt sou yo a, se komisè gouvènman Okay la **Ronald RICHEMOND** ak direktè lapolis Sid la **Daniel COMPERE** ki planifye li, paske komisè a te debake nan zòn nan, avan masak la te fèt la, se aprè youn nan toutè komisè yo ki nan zòn nan ki rele **Mombrun** alyas **Tikounan** yo akize ki te rele **RICHEMOND** pou di l pèp la pral pran lari, se lè sa komisè a vini konstate sa k ap fèt la, se nan moman sa pèp la te kòmanse rasanble pou li pran lari, se aprè you titan komisè **RICHEMOND** fin kite zòn nan, epi, bakòp UDMO yo vin tire sou yo a.

Masak sa, Otorite yo ak Lapolis fè sou pèp Dèyè Fò ak sou manifestan nan savann Okay ki te vin bay manifestan Dèyè Fò jarèt lè yo te aprann lapolis t ap tire pèp Dèyè Fò a Vandredi 23 Septanm nan, kote, gen you moun ki mouri anba bal ak aniwon 10 lòt blese anba katouch la, se akòz pèp Dèyè Fò te pran lari pankad nan men ak anpil nan yo ki te abiye anblan kòm senbòl lapè, kote yo t ap kriye kont lafen, ensekirite, kriz gaz nan Ayiti.

Li entèrsan pou nou reflechi sou sans sa genyen ki fè UDMO yo krible zòn nan anba bal konsa: sou baz sa, n ap eseye poze kesyon pou nou konprann, èske se nan ka lejitim defans Lapolis tire sou manifestan yo? Selon tout done nou genyen yo, li pa te kesyon sa, paske manifestan yo pa te agrese polisye yo, ni tou manifestan yo pa te ak zam, ak, pa te genyen okenn konvèzasyon ant polisye yo ak manifestan yo. Tousempleman, polisye yo debake, epi, yo simen bal sou popilasyon an.

Nan ka sa, genyen you jounalis nan komin Okay la ki rapòte sou youn nan estasyon radyo nan vil la, anvan zak polisye yo sou popilasyon an, nan moman jounalis yo t ap bay kèk manifestan mikwo, genyen nan polisye yo ki chipote li, trete li ak lòt jounalis yo de grapyay, eke, se yo menm jounalis ki anpeche yo trake manifestan yo, pou fè yo rete trankil, jodi a la si yo rete nan kouvri manifestasyon sa, sa yo pran se pa yo, se yo k ap wèl. Jounalis sa di, si tèlman yo wè menas yo te fò sou do yo, yo te oblije deplase pou sove po yo.

Nou dekouvri andan tout zak polisye yo komèt andan kominote a: 1) Jan nivo odas Otorite yo ekzajere, san krentif, san respè pou tèt yo ak peyi a, pou yo di pa te genyen okenn vyolans lapolis te fè sou popilasyon Dèyè Fò a menm you peta polisye yo pa te tire nan vandredi 23 Septanm 2022, se direktè polis Okay la menm Daniel COMPERE ki fè deklarasyon sa sou radyo Metropòl nan menm jou zak sa. Kisa direktè Daniel Compère fè ak tout denonsyasyon zak sa pèp la ansanm ak jounalis, òganizasyon dwa moun fè sou sa? Bon! nan ka, direktè Daniel COMPERE pa te okouran, touswit

aprè zak la li vin okouran pou kisa li pa mennen ankèt pou jwenn polisye yo, kòm li deja predi se pa janm polisye ki nan zak yo omwen moun ki fè zak kriminel sa yo? Nou konnen se wol lapolis pou fè investigasyon, arête koupab yo ak wol komisè gouvènman Ronal RICHEMOND pou mete aksyon piblik anmouvman pou pouswiv kriminel yo nan kad zak sa yo. Lè yo pa fè sa, yo parèt kòm konplis oubyen kòm Otorite ki voye polisye osinon milis ak masakre pèp la jan yo masakre pèp Dèyè Fò a Vandredi 23 septanm nan. 2) Answit, sa montre gen gwo volonte mechanste bò kote polisye yo pou masakre popilasyon an nan lespri pou anpeche yo manifeste. Polisye yo, mete sou kote misyon yo si se vre ki se bay manifestan yo tout sekirite ak pwoteje lavi yo.

Nou remake apati de zak sa yo, reskonsab yo fè sou pèp la, viktim yo osinon paran yo ki ta gen gwo enterè pou pote plent kont bouwo yo, yo pa entèrese fè sa. Rezon an li byen senp, premyeman se dirijan leta yo ki la pou yo ta pote plent, men se yo ankò ki bouwo a, ki donk yo vin jij ak pati alafwa, nan kondisyon sa, pote plent se pèdi tan. Dezyèmman li parèt, mas pèp la pa janm gen rezon devan opresè yo nan zafè lajistis, ale lajistis pou yo se pèdi tan ankò.

Nou ka konprann pou kisa moun yo pa deside pote plent, se tout you ekspeyans y ap viv depi ti konkonm t ap gwoumen ak berejèn. Li parèt dwòl, dirijan ki ta la pou fè vanse demokrasi a, se li menm ankò k ap kraze baz tout prensip demokratik yo, nan you kondisyon parèy. Nan ka sa ki kote mas pèp la gad?

Li klè ansanm aksyon sa yo polisye yo poze yo se sou lòd direktè polis nasyonal Sid la **Daniel COMPERE** ak komisè gouvènman Okay la **Ronald RICHEMOND**. Sa ki pi grav la, aksyon sa yo pa reponn a nòm demokratik yo, li depaman ak sa konstitisyon 1987 Ayisyen di, sou, libète lapawòl, dwa manifestasyon. Ak tou, sou sa deklarasyon inivèsèl dwa moun 1948 la di, sou libète pèp yo genyen pou egzije dirijan yo respekte tout dwa moun genyen yo ke nou konnen yo angaje pou pwoteje, asire, siveye osinon mete nan aplikasyon dwa sa yo (politik, sivil, ekonomik, sosyal, kiltirel, lavi, sante, libète) nan pwofi popilasyon an san pas pou ki.

Aksyon fewòs Otorite yo, sou manifestan yo vandredi 23 septanm nan, li montre byen klè enstitisyon lapolis la ak lajistis se pou klas dominant nan l ap aji. Yo tou senpleman vize pou pwoteje lavi ak byen ti gwoup mafya a k ap bwè san mas pèp la, jan sa konn abitye ye deja. Paske depi anviwon you mwa peyi lòk la, sa yo rele bizismann, komèsan, antreprenè yo pran gwo frap, yo nan difikilte pou yo antre lajan. Lepi souvan, se kòb sa yo y ap tann chak mwa pou yo antre, epi, anpil nan kòb sa yo pou chanje goud an dola pou voye bay madanm yo ak pitit yo ki aletranje pou yo ka pran swen tèt yo, tankou pou regle kesyon: manje, kay, swen sante, enèji, lekòl, inivèsite ak lwazi. Ki donk masak vandredi 23 antre nan objektif pou regle koze sa yo nan fè mas pèp la fè bak sou mouvman leve kanpe a, pou biznis grannèg yo ka reprann.

Nan ka kontrè, tout dirijan ki pa reponn a bezwen pèp la pou satisfè dwa sa yo, pèp la kapab antre anrebelyon kont dirijan yo ak tout leta, tout sistèm nan pou chavire li. Answit, pèp la kapab pote plent kont tout Otorite ak polisye ki fè yo abi nan mouvman leve kanpe ki sot pase la yo, nan kad pou dirijan pi wo yo jije, pini bouwo yo ak pou bouwo yo dedomaje viktim yo selon konstitisyon 1987 la. Epi, Nasyon Zini, OEA selon sa ki anvizaje kòm konsekans pou chèf leta yo ki pa respekte angajman yo. Yo ta dwe sispann tout koperasyon ak dirijan nan leta Ayisyen pou mank senterite yo nan sa yo te genyen pou yo fè parapò ak deklarasyon inivèsèl sou dwa moun plis konvansyon entènasyonal sou dwa moun yo te vote, siyen, ratifye kote yo te mete yo dakò pou fè pwomosyon,

respekte ak aplike prensip dwa moun yo nan peyi a, pou pwoteje dwa moun yo ke yo pa fè sa osinon yo menm ankò vyole yo a.



Preminis, Ariel HENRY



Sekretè jeneral Loni, Antonio GUTERRES

Nou ap viv pi rèd nan tan sa yo la, kriz Otorite nan Ayiti kote mas pèp la san respè pou dirijan yo. Ak tou, pwoblèm entèkansyon entènasyonal yo nan zafè peyi a mas pèp la boude ak li pa pran yo oserye. Nou konnen deja anpil nan rezon yo ki fè sa. Nou nan you sitiasyon, depi plis pase 200 zan ekspeyans ki bay yon konplo ki monte ant dirijan Ayisyen yo ak entitasyon entènasyonal yo ki gen tout dwa fè edefè sou do pi fò pèp la. Yo kenbe mas pèp la nan ekstrèm povrete. Answit, achak fwa mas pèp la ap eseye sòlve kont enjistis sistèm nan pou li sòti tèt li konplote yo fè vyolans sou li ak fè li fo pwomès ki pa janm reyalize pou kontinye kenbe li nan mizè pi rèd. Avèk sitiasyon sa, mas pèp la, bouke soufwi, li mande anraje, li vle pete chèn, l ap chache brize tout sa ki sou pasaj li. Se sa k fè, li vin konsidere tout kòm enmi li, kòm you bann eksplwatè, atoufè, vòlè k ap souse san li, k ap pran tout richès Ayiti pou yo. Mas pèp la pa konnen ki sen ankò li te kapab adrese pou disparèt nan je li, manje ranje sa yo, ranvwa sa yo, dlo 3 degout sa yo, zago loray sa yo, awousa sa yo, gate manje sa yo. Se pou nou di, nou pa wè antant posib oubyen mete ansanm ant dirijan nan peyi a plis dirijan nan entènasyonal la ak mas pèp la pou rezoud kriz kanni sa. li montre yo deja se lèt ak sitwon, depi yo kontre se pwoblèm. Kounye a li rete pou nou konnen se ki jan bagay sa kapab regle? Ann antre nan konsekans vyolans yo pou nou konprann pi byen kote nou ye a: pèp Okay la pi preziman moun Dèyè Fò, nan savann, bò simetyè, kafou bwaye y ap viv nan laperès, yo twomatize, depi yo wè machin lapolis oubyen zo reken blanch komisè gouvènman **Ronald RICHEMOND** an yo pete kouri. Ak nenpòt bri bal yo tandè, yo gen tan prè pou plani atè osinon abrite yo dèyè mi, poto, sa yo jwenn pou pwoteje tèt yo kont bal kriminel yo. La nou santi Otorite yo ap konfime chak jou pi plis yo se enmi mas pèp la tout bon vre.

Depi aprè represyon Otorite yo ak lapolis fè nan Dèyè Fò Vandredi 23 septanm nan, kantite moun ki deja kite zòn nan paske yo pè li nan nenpòt 2%.



Pèp la nan lari kont enjistis

Depi lè represyon sovaj chèf yo, sou popilasyon an, pèp la pè patisipe nan manifestasyon yo. Genyen 3 tantativ manifestasyon ki eseye deja aprè dat Vandredi 23 Septanm nan li pa reyini anpil moun. Answit, nan bout chemen lapolis te gen tan la pou kraze manifestasyon an, yo menm tire anlè pou yo rive fè sa.

Malgre vag represyon sa yo sou mas pèp la pou anpeche yo revandike dwa yo. Nou jwenn moun yo, menm lè yo pa nan sitiasyon pran lari a kounye a akoz yo pè represyon dirijan yo, men yo detèmine pou aksyon yo kontinye mennen, menm si se sou lòt fòm pou yo kapab soti nan lamizè, ensekirite, nan kriz gaz la, paske yo di, yo pa ka fè bak, lavi a twò rèd nan bouda yo.

Èske Otorite yo byen konprann sa ki gen atè a la? Sitiyasyon moun yo ap viv la, represyon pa represyon yo pa p fè bak la. Èske yo pa reyalize si yo kontinye fè represyon sou mas pèp la, kote bagay sa kapab debouche sou you gè sivil? Èske yo pa panse you gè sivil l ap katastwòf pou sosyete n ap viv ladann nan?


Nan sans sa, annou wè anons ki kòmanse rive: kòmandan Fwon Rezistans Sid la, **Roni Bernard** di, parapò ak vyolans reskonsab yo fè sou pèp Dèyè Fò k ap leve kanpe kont enjistis sosyal, epi, kriminel yo koule san li a, l ap pase an aksyon pou vanje pèp Dèyè Fò a ak pou kontinye mennen batay kont lamizè pèp Sid la ap andire a depi you bon bout tan nan bout li, li twouve batay sa se you koz ki jis.



Kòmandan Fwon Rezistans Sid, Roni BERNARD

Reyaksyon **Rony** se youn nan ton ki monte wo kont aksyon malveyan dirijan yo, konsa genyen you latriye lòt anons makawon sou rezo sosyal yo ki vini apati de pòs deklarasyon kòmandan **Roni** a k ap gonfle tou. Sa, se siy ki montre popilasyon an pa fè silans sou sa k ap pase a, l ap prepare soulèvman li pou dechouke dirijan yo ak tout polisye yo k ap asasinen li. Li klè se nou menm Otorite ak polisye yo ki mennen pèp la sou chemen lagè sa. Ki jan Otorite yo ak Lapolis kapab repwoche pèp la k ap òganize nan sans sa, pou li pa ki te nou menm ankò fin asasinen li, jan nou kòmanse fè sa deja.

Li parèt santi di, kote peyi Ayiti ap travèse you moman espesyal, sa ta mande pou dirijan yo pi soup ak popilasyon an, pou eseye trouve solisyon ki kapab evite peyi a eklate pi devan, men sa nou wè: dirijan yo se meprize yo meprize ak diskriminen pèp la ak tout revandikasyon li yo. Se itilize vyolans pou fè pèp la antre nan kokiy li. Sa ki fè mas pèp la kontinye lòk peyi a pi rèd.



Manje pèp la piye nan depo PAM

Konpòtman sinik dirijan yo kontinye plonje peyi a nan labim pi rèd. Retonbe yo se mas pèp la ki soufri yo an premye. Jan sitiyasyon peyi a ap degrade la, nan nivo politik, ekonomik, sosyal ak sekirite, sa deja kondwi depatman Sid la nan kriz imanitè tèt chaje. Nan moman n ap pale la gen nenpòt 2 moun k ap mouri chak jou akòz lafen, swen sante selon enfòmasyon nou jwenn nan kèk fwaye ak enfòmasyon nou jwenn bò kote kèk reskonsab sant sante. Ki donk an jeneral nou genyen you popilasyon ki pa gen aksè oubyen k ap soufri prèske de tout sèvis de baz yo, tankou: dlo potab, enèji, manje, swen sante, komunikasyon sitou pwoblèm entènèt Digidel ak Natcom ki prèske pa egziste nan tan sa yo la.

Sosyete a prewokipe tèt li pou jwenn solisyon pou sòti nan kriz la nan jou sa yo la. Men kòm nou konnen sa deja solisyon yo pa janm fasil sitou nan faz kriz. Li mande anpil refleksyon, anpil chita tandè, anpil tèt repoze ak li pran anpil tan. Konsa li ta enpòtan pou n gade anpremye fòs kèk solisyon nou wè kèk sektè pwopoze yo, ap genyen sou chache rezoud boulvèsman sosyete a:



a) Gouvènman **Ariel HENRY** monte gaz plis pase 2 fwa lavalè de sa li t ap vann avan. Gouvènman an menm jan ak patwon li sekretè jeneral Nasyon Zini **Antonio GUTERRES** anvizaje sibvansyone fanmiy Ayisyen an, mete pwogram asenisman nan plas retounen pri gaz la jan li te ye avan. Answit, yo decide voye you fòs militè pou trake manifestan yo pou delòk peyi a, paske yo kalifye manifestan yo kòm gang ki ap destabilize peyi a fòk yo elimine gang sa yo. Se you estrateji konplotè yo itilize pou bloke revandikasyon mas pèp la, lè yo fè plizyè milye moun k ap manifeste toupatou nan peyi a kont enjistis pase kòm gang, konsa, konplotè yo konnen byen se pa vre, se manti y ap bay. Solisyon tèt anba sa konplotè yo ap chache foure nan gòch popilasyon an, mas pèp la gen tan rele anmwe pou li, sa ta vle di, li pa mache pou rezoud pwoblèm nan.



Ansyen Senatè Sid, Jean Marie Junior SALOMON

b) Genyen ti boujwa yo ak you franj nan oligachi a ak klas politik tradisyonèl la ki swete depa **Ariel HENRY**. Ak tou, ti boujwa, politisyen rat do kale yo, plis Nazyon Zini, yo swete pou eleksyon fèt nan you tan rezonab pou debloke peyi a. Tankou, ansyen Senatè Sid, **Jean Marie Junior SALOMON** se youn nan politisyen tradisyonèl ki nan lari a k ap mande depa **Ariel**. Revè meday, sa, se pako solisyon tout bon mas pèp la ap chache a, mas pèp la pentad ak mòd bouyon rechofe sa yo ki pa janm rezoud bezwen li yo. Ki donk, Mòd solisyon sa yo toujou fini nan benefis politisyen sa yo, dirijan san vègòd, ti boujwa, oligaji, enpeyalis la.



Pèp ki nan lari k ap reklame chanbatman sistèm nan

c) Mas pèp la li menm ap chache you solisyon li pako ka jwenn li reyèlman, kèk fwa gen anpil vwa ki leve pou revolisyon men li pako konnen ki jan sa kapab fèt ki jan sa posib, li you ti jan bouye sou sa, men li pa rejte lide sa. Solisyon mas pèp la annatandan, li ta plis wè se dechouke tout boujwa, tout

dirijan ki la ak ansyen dirijan yo, epi, se ta transfòme tout leta, tout sistèm nan lojik pou revandikasyon li yo ka satisfè ak pou li ka jwenn byennèt, libète.

Nan reyalite, depi dyab pa te konn si li ta kapab vin kaporal mas pèp la ap revandike pou dwa politik, sivil, ekonomik, sosyal, kiltirèl, lavi, sante, respekte. Nou wè peyi a pase de gouvènman an gouvènman, de dirijan an dirijan dwa sa yo toujou bafre. Yo pa janm mete anyen kanpe pou pwoteje, asire, aplike dwa sa yo, malgre obligasyon konstitisyon 1987 peyi a fè yo ak angajman yo genyen ak deklarasyon inivèsèl dwa moun 1948, plis konvansyon entènasyonal relatif sou dwa sivil / politik 1966 ak konvansyon entènasyonal relatif sou dwa ekonomik/sosyal/kiltirèl 1966. Konsa, nou konstate se atò mas pèp la ap jemi nan lamizè nan ensekirite ak abi Otorite yo ap fè sou li. Èske solisyon ki ta chita sou apwòch dwa moun pou dekonstribi sosyete enjis la ak pran chimen pou you sosyete jis pa ta kapab enpòtan pou rezoud kriz la?

Jis nan moman nou ye la, mouvman ki nan lari a, li toujou nan dimansyon mouvman de mas. Sa ta vle di ou jwenn tout kalite sèkte nan lari a ki pa fòseman nan menm klas oubyen revandikasyon yo fòmile menm jan anfas leta, anfas sistèm nan, anfas gouvènman an. Se sa k fè nou pral wè revandikasyon mas pèp la li prèske diferan osinon diferan menm de tout rès sèktè yo ki nan lari a ansanm ak li. Se pou nou di, kontrè de sa kèk moun mete nan tèt yo, mouvman ki nan lari a se you mouvman revolisyonè, li lwen de tout mak fabrik revolisyonè.

Selon jan sa ap fini, li pa p diferan de jan sa konn abitye ye depi plis pase 2 syèk. Oligaji Ayisyen an ak enpeyalis la, ap jwenn yon fason pou aranje yo ak klas politik la pou asire kontinyite sistèm nan oubyen sosyete ak fòs kote a. Ak pou pa kite li rive nan pwen pou mas pèp la chavire leta ak tout sistèm nan, pou rive konstwi sosyete jis ki chita sou byennèt ak libète. Konsa, n ap gen pou asiste nan jou k ap rive la yo konplètè yo k ap ranfòse pi plis estrateji, fo pwomès, represyon sou mas pèp la pou kraze mouvman leve kanpe a. Si sa pa mache enpeyalis la ap debarase li de **Ariel HENRY** nan pouvwa a, l ap voye you fòs swadizan pou vin mete lapè nan peyi a ak pou bay sekirite pou òganize eleksyon byen bonè. Lè sa w ap wè klas politik la ak tout ti boujwa ap rantrè osinon koube anba demach sa yo pou benefisye ti afè pa yo, kòm yo konn abitye fè li deja, tout sa se limit sèktè sa yo nan batay la. Mas pèp la li menm pa p benefisye anyen nan demach sa ke li vle ke li pa vle, kou lavi a ap kontinye monte pi rèd, l ap toujou nan difikilte pou l manje, jwenn swen sante, lojman oubyen ak asè fondamantal yo.. Epi tou, li pa te janm gen avni nan demach sa depi tout tan konplètè yo ap fè li a. Se sa k fè nan poze kesyon ki jan sa ap fini a, nou wè mas pèp la ap dòmi deyò, li pako gen fòs ase pou pote batay la sou bò pa li pou li ta ka solisyonè pwoblèm li yo ki nan lari a. Paskè pa gen okenn lòt sèktè yo ki nan lari a ansanm ak li oubyen andeyò lari a k ap ede li nan kad batay li a. tout lòt sèktè yo ap eseye itilize li kòm pon nan wilib toutan y ap pwan sou batay li a. Sa ta vle di, mas pèp la nan batay pou lontan ankò pou li soti tèt li nan sa li ye la.

Sou baz sa, O P E, nan kad respè diyite, entegrite, libète ak byenèt pèp Ayisyen an sitou mas popilè a. Nan kad pou eseye jwenn elan demokratik nan sosyete Ayisyen an. Nan kad pou fè pwogrese nasyon an. Nan lespri pou konstwi you peyi san fòs kote, nan tout egalite, enklizyon, ekite, san diskriminasyon, nou mande: 1) pou otorite yo ak lapolis sispann prese prese represyon sovaj y ap fè sou mas popilè yo, sitou moun k ap manifeste yo kont lamizè nan dènye jou yo la. 2) pou dirijan konpetan yo, pran tout mezi valab pou Jije, pini ak fè peye amann tout Otorite yo tankou: direktè

polis nasyonal Sid la **Daniel COMPERE** ak komisè gouvènman Okay la **Ronald RICHEMOND**, answit, tout polisye ki gen men yo tranpe nan san pèp la. 3) pou Otorite yo bese rapid opresto kou lavi a pou pèmèt pèp la kapab viv pizoumwèn. 4) pou gouvènman degaje li koumèt Jan Jak pou bay pèp la bon sekirite pou li kapab mennen aktivite li toupatou kote li vle nan peyi a. 5) pou reskonsab yo sibvansyone lekòl, transpò, liv pou tout timoun ki pa gen mwayen pou sa, pou yo mete kantin popilè pou pèmèt timoun sa yo kapab antre lekòl pou lane akademik 2022/2023. 6) pou dirijan yo kreye travay nan bon kondisyon pou pèp la kapab antre lajan pou pran swen tèt yo ak fanmiy yo. 7) pou reskonsab yo investi nan agrikilti peyi a pou pèmèt gen ase manje, vyann, fwi lanmè, lèt pou moun viv nan peyi a ak sipli yo pou nou vann aletranje. 8) pou dirijan yo rezoud pwoblèm enèji a, pou popilasyon an kapab mennen aktivite li yo san pwoblèm nan sans sa. 9) pou gouvènman ranfòse ekstrikti ak enfrastrikti Lopital jeneral yo pou pèmèt popilasyon an jwenn swen sante nan bon kondisyon. 10) pou gouvènman sispann pran dikte ak, ap chache solisyon kriz peyi a nan men enpeyalis yo, solisyon an dwe jwenn nan mitan Ayisyen k ap lite pou sosyete jis san fòs kote. 11) pou gouvènman ak tout boujwa ki pa deside mache nan lojik rekòmandasyon sa yo dwe rale kò yo depi kounye a. 12) pou sosyete sivil popilè a kontinye kenbe presyon sou dirijan yo ak tout reyaksyonè yo jistan yo rive transfòme peyi a nan demach pou tout moun jwenn byennèt ak libète

Jean Claudy Aristil